# ШАРАДАБИ

ХIадур гьаруна:

ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим

МухIамадова Алписат

«ГI» цебе лъун, дун херхани,
Хур-хералъул хъаравул дун,
Хисун гьебгун «лъ» лъунани,
Лъугьунеб дир яргъил бусен.

Аваралда «ЧӀ» хӀарп хъвани,
ХӀалухъен гъанкъулеб хер дун.
Хисун гьениб «ЦӀ» абуни,
Инсанасда рекӀунеб жо.

ЦIарулъ цебе «ЧI» ги бугеб,
ЧIегIеркьераб кIанцIолеб жо.
«ЧI»хисун, «ГI« хъванани,
ГIемер хIалтIун, цIирулеб жо.

Авалалда «ГЬ» бугони,
Гьаваялъул чвахи дун.
Гьебги хисун, «ХЬ» абуни,
Хьопол хъарщи лъугьуна дир.

Аваладда «ЛЪ» бугони,
Лъугьуна дир тIубараб сон.
Гьебги хисун, «ЦI» хъванани,
ЦIа пирхизе гьабулеб жо.

«ТI» ялдасан байбихьани,
Бицатабин дир антоним.
«ТI» ги хисун, «ХI» хъванани,
ХъачIаб ккола дир антоним.

«Щ» цебе лъун, дун абуни,
Унтарабин дир синоним.
Гьеб хисани «КЪ» ялдалъун,
Къокълъиялъул сипатги дун.

«Исбагьияб» дир синоним,
Сипатги дир тIадегIанаб,
ТIоцебесеб «КЪ» хIарп бугеб,
Бате дида абулеб цIар.

«Т» цебе лъун, дун абуни,
Дир синоним лебалабин.
Гьебги хисун «Х» абуни,
Элъул магIна багьаябин.

*Дир синоним гIехьелабин,*

*ГIи-боцIуда хурхарабин,*

*«КЬ» ялдасан байбихьулеб,*

*Бате дида абулеб цIар.*

«ТӀ» ялдасан байбихьани,
Борхатабин дир антоним.
Босун «ТӀ» ялъ «Ц» хисани,
БакӀаб ккола дир антоним.

*«ЧӀ» цебе лъун, гӀуцӀун хадуб,*
*ГӀебаб ккола дир антоним.*
*«ЧӀ» ги хисун «ГӀ» хъванани,*
*Хьадарабин дир антоним.*

«XI» дир авал, «Б» дир ахир,
Унго, бугеб гучаб рагIи.
«XI» ги хисун, «ЦI» цIалани,
ЦIакълъиялъул сипат ккола.